# ДЖЕОРГУЫБА — ФАРНХÆССÆГ, АМОНДДÆТТÆГ!

РЦИ-Аланийы Æрыдоны районы газет / Газета Ардонского района РСО-Алания

# Рухс свет

ГАЗЕТА ОСНОВАНА В 1939 ГОДУ | 2023 АЗЫ 18 НОЯБРЬ ДЖЕОРГУЫБАЙЫ МÆЙ САБАТ | 18 НОЯБРЯ 2023 ГОДА СУББОТА | № 128 (12356)

**Дорогие жители республики!**

Поздравляю вас с одним из самых почитаемых национальных праздников – Джеоргуыба!

В эти дни мы с искренней верой и надеждой на лучшее обращаемся с молитвами к Всевышнему и Уастырджи о покровительстве во всех благих начинаниях, благополучии, мире и здоровье наших родных и близких людей.

Этот добрый и светлый праздник – не просто дань уважения традициям осетинского народа, его богатому духовному наследию, это еще и напоминание всем нам о необходимости становиться лучше, терпимее к ближнему, стремиться к созиданию и соблюдать обычаи предков.

Джеоргуыба отмечают представители многих национальностей, проживающих в республике, и эти праздничные дни – еще один повод почувствовать себя единым и сплоченным народом Осетии, способным вместе, несмотря ни на какие трудности, успешно строить свое настоящее и будущее.

В это непростое время мы отмечаем Джеоргуыба с особым чувством, обращая все светлые помыслы и искренние молитвы о мире и благополучии. Сегодня наши ребята героически отстаивают в зоне специальной военной операции безопасность нашей Родины, показывая отвагу, достойную их отцов и дедов. И вновь мы будем просить Уастырджи оберегать их на ратном пути, помочь вернуться домой с победой – живыми и здоровыми!

Пусть эти молитвы будут услышаны! Пусть в каждой семье, во всей республике и нашей большой многонациональной стране царят мир, согласие и благополучие!

Счастья, здоровья и процветания вам!

Джеоргуыбайы бонтæ уыл рæсугъдæй цæуæнт!

Уастырджи уын кæддæриддæр æххуысгæнæг уæд!

**Сергей МЕНЯЙЛО,**
**Глава Республики Северная Осетия-Алания.**



# УАСТЫРДЖИЙЫ АРФÆТÆЙ ХАЙДЖЫН УТ!

**Нæ зынаргъ Æрыдоны районы цæрджытæ!**

Æрхæццæ нæм кæны Джеоргуыбайы кадджын бæрæгбон, æмæ уæ йæ хорзæх уæд!

Уастырджимæ кувæн къуыри у нæ сæйрагдæр æмæ уарзондæр бæрæгбæттæй иу. Джеоргуыба кæрæдзиуыл æнгом бæтты нæ районы æмæ республикæйы цæрæг адæмы хæттытæ, фидардæр кæны нæ иудзинад æмæ хæлардзинад.

Къуыририйы дæргъы æппæт Ирыстоны цæрджытæ æмæ зæххы къорийы ирон адæм кувдзысты ирон бæгæныйæ æртыгай чъиритæ. Хуыцау æмæ Уастырджийыл фæдзæхсдзысты сæ бинонты, сæ кæстæрты, курдзысты фарн æмæ амонд, бæркад, æнæниздзинад æмæ сабырдзинад.

Зынаргъ хæлæрттæ!

Зæрдиагæй арфæ кæнæм, цæмæй Уастырджимæ кувæн къуыри Ирæн æмæ Уæрæсейæн æрхæсса сабырдзинад!

Бæлццæтты æмæ æфсæддонты бардуаг — Уастырджи — æххуысгæнæг уæд нæ хъайтар фæсивæдæн, цæмæй сæ къонатæм уæлахизимæ здæхой!

Азæй-азмæ нæ бæрæгбонып зæрдæрухс æмæ амондимæ куыд æмбæлæм, фыдбылызæй хызт куыд уæм, ахæм арфæ нæ уæд!

Хуыцау æмæ Уастырджи уын ахъазгæнæг уæнт уæ царды æмæ уæ хъуыддæгты! Арфæгонд ут æмæ уæ бæрæгбоны хорзæх уæд!

**МÆРЗАТЫ Владислав,**
**Æрыдоны районы сæргълæууæг,**
**БАСИТЫ Владислав,**
**Æрыдоны районы администрацийы сæргълæууæг.**

**Дорогие жители Осетии!**

От имени депутатов Парламента республики сердечно поздравляю вас с одним из самых почитаемых народных праздников – Джеоргуыба!

Этот праздник, который всю предстоящую неделю Осетия будет отмечать дружной многонациональной семьей, является символом духовных истоков и самобытной культуры осетинского народа, подтверждением преемственности поколений. Любовь к родной земле, почитание старших, крепость родственных уз, гостеприимство и взаимоуважение – нравственное наследие предков, во все времена служившее прочной основой нашего единства и сплоченности.

В дни празднования Джеоргуыба по традиции старшие вознесут молитвы к Всевышнему и Уастырджи с просьбой о мире и процветании Родины, благополучии и изобилии каждой семьи. И самое главное, чтобы все наши земляки, находящиеся на передовой в зоне специальной военной операции, вернулись домой живыми и невредимыми.

Бæрæгбоны хорзæх уæ уæд, мæ зынаргъ æмбæстæгтæ! Амонд, æнæниздзинад æмæ æнтыстдзинæдтæ уын мæ зæрдæ зæгъы! Арфæгонд ут!

**Таймураз ТУСКАЕВ,**
**Председатель Парламента**
**Республики Северная Осетия-Алания .**

**Æрыдоны районы зынаргъ цæрджытæ!**

Арфæ уын кæнын Джеоргуыбайы бæрæгбоны фæдыл!

Незамантæй нæм æрхæццæ ацы рæсугъд бæрæгбон, уый æвдисы ирон адæмы хъæздыг удварн æмæ хæрзæгъдаудзинад, бинонты традицитæ æмæ рæсугъд æгъдæуттæ хъахъхъæны. Йæ быньдуры æвæрд сты æнæбаивгæ хæзнатæ — сыгъдæг цæсгомимæ цæрын, сыхæгтимæ хорз ахастытæ аразын, дзæбæх æмæ фæрнæйдзаг хъуыддæгтæ кæнын.

Ацы бонты хистæртæ кувдзысты, курдзысты хорздзинæдтæ фæсивæдæн, Иры дзыллæйæн. Нæлгоймæгтыл, бæлццæттыл, хæстонтыл аудæг Уæстырджимæ куывдтытæ фехъуысæнт, уе 'ппæт ахсджиаг фæндтæ царды æрцæуæнт!

Фарн æмæ амондæй хайджын ут, Ирыстоны адæм! Хистæрæй-кæстæрæй уын чи ис, уыдон уæхи фæндиаг уæнт! Арфæгонд ут æмæ уæ бæрæгбоны хорзæх уæд!

**ХЪЕСАТЫ Сталбек,**
**Æппæтдунеон æхсæнадон змæлд «Иры Стыр Ныхас»-ы Æрыдоны районы хайады сæрдар.**

**Дорогие жители г. Ардона!**

От всего сердца поздравляю вас с праздником Джеоргуыба!

Этот праздник уникален и неповторим. Он воплощает в себе те высокие нравственные и человеческие ценности, которые испокон веков передавались от поколения к поколению нашими предками. Именно многовековые духовные традиции, составляющие смысл и содержание праздника, стали крепкой основой совместного, дружного проживания в нашем городе представителей разных народов и религиозных убеждений.

Так пусть же этот светлый праздник укрепит наши добрые дела! Пусть Святой Уастырджи хранит и оберегает от бед каждую семью! Счастья, здоровья и благополучия всем вам!

Амондджын ут æмæ уыл рæсугъд бæрæгбонтæ цæуæд, Æрыдоны зынаргъ цæрджытæ!

**Игорь Хамицев,**
**глава АМС Ардонского городского поселения.**

# Табу дæхицæн, бæрзондылбадæг сыгъзæрин Уастырджи!



# БÆРÆГБОН — ИУДЗИНАДЫ ФÆРÆЗ

**Уæлладжырыкомы Джеоргуыбайы бæрæгбон кодтой ноябры, æртыккаг къуыри. Фæстаг дыццæг та уыдис Уастырджийы æрвитæн бон. Йæ размæ хуыцаубон — Фæдзæхсæн бон. Уый размæ дыццæг — Уастырджийы кадджын бæрæгбон. Уымæй бон раздæр та — гал æргæвдæн хуыцаубон.**

Джеоргуыбайы хуыцаубон æргæвстой Уастырджийы нывонд галтæ æмæ кодтой куывдтæ.

Дыццæг æхсæв алы хæдзар дæр кодта кусарт æмæ цыдис дзуары бынмæ кувынмæ. Йемæ хаста физонæг, æртæ æртæдзыхоны æмæ хуынхæссæн урс авджы дзаг арахъ. Хур йæ был ныддарды рæстæг нымадтой скувын афонил. Уæдмæ-иу куывддонтæ уыдысты æмбырд. Скувын æмæ цыбыр абадты фæстæ алчи тындзыдта йæ хæдзары бæрæгæхсæвмæ.

Фæдзæхсæн бон, хуыцаубоны, алчи йæ бæлццоны æмæ йæ рынчыны, алы фæндаггон йæхи фæдзæхста Уастырджийыл. Алы хæдзары дæр уыдис æртæ кæрдзыны кувинæгтимæ.

Уастырджийы æрвитæн изæр алчи йæ æртыкъахыг фынгыл æвæрд æртæ кæрдзынæй фæндараст кодта Уастырджийы Хуыцауы размæ. Бирæ хæдзæрттæ кодтой сæ Джеоргуыбайы куывдтæ. Куырдтой Уастырджийæ фæстæмæ арфæтæй хай. Куывтой, цæмæй сæ зымæг æнцонæй арвитой æмæ сыл уалдзæг дзæбæхæй æрцæуа.

Дыццæджы-иу райдыдтой куывдтæ кæнын æмæ канд Джеоргуыбайы къуыри нæ, фæлæ хæццæ кодтой суанг Цыппурсы онг. Фыццаг бон, дыццæджы, куывд кодта, нывонд гал æргæвст кæмæ уыдис, уыцы хæдзæрттæй иу. Цалдæр сидты фæстае хистæртæ куывдгæнæг фысымæн арфæйы нуазæн куы лæвæрдтой, уæд-иу бацагуырдтой сæ райсомы фысымы дæр æмæ уымæн дæр лæвæрдтой нуазæн. Афтæ алы бон дæр, хъæуы цал хæдзары уыди, уал куывды. Алы хæдзар дæр куывдæн кодта сæрмагонд кусарт.

Рагон адæм бирæ бинонджын уыдысты, æмæ Уастырджийы номыл кусарт бинонты бæрæгæхсæвы фаг йеддæмæ нæ кодта. Джеоргуыбатæм-иу адæм фесты сæ фæззыгон куыстытæ. Бафснайдтой-иу сæ хортæ, сæ хостæ, сæ кусæнгæрзтæ, сцæттæ-иу кодтой суг. Бабæстон-иу кодтой сæ фосдæттæ, сæ цæрæн хæдзæрттæ. Скодтой-иу зымæгон хъарм дарæс æмæ сæрибарæй сæ бæркадджын фæллойæ кодтой куывдтæ. Сæхæдæг уагътой арахъ — ронг, фыхтой бæгæны — æлутон. Фосдæтты — фос, хордæтты — хор, хæндгуыты — цыхт, къæбицты — бæркад.

Чындзæхсæвы фылдæр æргом дæр здæхт уыди Джеоргуыбатæм. Адæм уыдысты сæрибар, хъæлдзæг. Фæззæг — хъæздыг.

Куывдты бадгæйæ, адæм уагътой сæ фæллад, рох кодтой сæ рыст. Фылдæр кодтой се 'гъдау, сæ хæстæгдзинад, се 'фсарм, сæ хæлардзинад. Хистæртæ буц кодтой сæ кæстæрты, кæстæртæ лæггад кодтой хистæртæн. Иумæ фидар æмæ рæсугъд кодтой се 'гъдæуттæ, сæ цард. Зарыдысты, кафыдысты, цин кодтой сæ цардыл.

Хуыцау алыхуызон зæдтæ куы сфæлдыста, уæд йæ фыццаг æмбал Уастырджийы скодта зæххон, бабар ын кодта адæмы цард, се 'гъдæуттæ, сæ фæндæгтæ, сæ тыхст, сæ куыст.

Æвæццæгæн, бæхуарзаг ирон адæмы фыдæлтæ (сæрмæттæ, алантæ), карз тохмæ цæугæйæ, фыццаг хатт бæхыл куы сбадтысты, фат куы райстой, тыхгæнæг знаджы ныхмæ тохы кард куы сластой, уæдæй курын байдыдтой тыхдæттæг æмæ ныфсдæттæг уæлахизхæссæг зæд Уастырджийæ æххуыс.

Уæдæй нырмæ Уастырджийыл фæдзæхсынц сæхи, сæ кæстæрты, сæ фæндаг, сæ тых. Уастырджийы уазæг кæнынц æрыгон бинонты цард. Уæдæ хæстон лæг тохы быдыры æмæ зын уавæры агуры Уастырджийы æххуыс.

Раджы, æнæ исты аххосæй, чырыстон дин райсты фæдыл, Хетæджы бæрзæймæ мæлæтхæссæг карды ком куы бахæстæг, фат йæ сæрты æхситгæнгæ куы афардæг, уæд Уастырджи Хетæджы алыварс фестын кодта тархъæд æмæ йæ сау мигъæй æрæмбæрзта. Хетæг фервæзт мæлæтæй. Уыцы хъæд схуыдтой Хетæджы къох æмæ сси ирон адæмы стырдæр æмæ кадджындæр æппæтадæмон кувæндон. Уæдæй фæстæмæ Уастырджимæ кувæн бынæттæ æмæ бонтæ бынтон сарæх сты: Хохы Уастырджи, Ныхасы Уастырджи, Хетæджы Уастырджи, Къобы Уастырджи, Фæндагсар Уастырджи. Уыдонимæ бирæ хъæуты, бирæ рæсугъд бынæттæ æмæ кувæндæтты — тæхгæнæргæ Уастырджи, сыгъзæрин базырджын, уæларвæй зæхмæ æххуысгæнæг, хъæбатыр æмæ бирæ æндæр нæмттæй ирон адæм арынц Уастырджийы ном.

Джеоргуыбайы къуыри ирон адæм Цæгатæй, Хуссарæй, Уæрæсейы алы горæтты цæрджытæй, Сирийæ, Туркæй — се 'ппæт дæр цæттæ сты сæрибарæй Уастырджимæ æртæ кæрдзыны æмæ физонæгæй кувынмæ, æмæ сæ Уастырджийы хорзæх уæд!

# СЕВЕРНАЯ ОСЕТИЯ ГОТОВИТСЯ ОТМЕТИТЬ ПРАЗДНИК ДЖЕОРГУЫБА

***Национальный праздник Джеоргуыба в Северной Осетии начнется 20 ноября и продлится неделю. Праздник посвящен особо почитаемому среди осетин покровителю мужчин, путников, защитнику бедных и обездоленных Уастырджи.***

В эти дни в каждом осетинском доме принято накрывать стол с традиционными тремя пирогами и мясом жертвенного животного, молиться, посещать святые места. В течение этого времени не принято употреблять в пищу свинину, мясо птицы и рыбу. Этот праздник дорог всем, кто чтит и достойно продолжает духовные традиции предков.

В эти дни в наших домах будут звучать молитвы к Всевышнему и святому Уастырджи о покровительстве во всех благих начинаниях, о мире и здоровье. Пусть эти молитвы будут услышаны. Пусть в наших семьях и во всей республике царят согласие и благополучие. Напомним, что с 2018-го года в Северной Осетии первый день празднования Джеоргуыба в соответствии с Указом Главы РСО-А является нерабочим. В этом году нерабочим будет понедельник, 20 ноября.

Отдавая дань нашим славным, многовековым традициям, этот праздник призван подтвердить нерасторжимую связь между поколениями, важность сохранения главных духовных ценностей, составляющих национальное достояние осетинского народа. Символично, что дни празднования Джеоргуыба уже давно и прочно закрепились в череде высокодуховных торжеств, отмечаемых всеми жителями нашей республики.

Праздник Джеоргуыба в честь самого почитаемого божества осетинского пантеона — **Уастырджи,** который называется также «Уастырджийы бонтæ» (Дни Уастырджи), длится неделю. Божество считается покровителем мужчин, путников, защитником слабых и обездоленных. Праздник отмечается и в Северной, и в Южной Осетиях, независимо от национальности.

Накануне праздника закалывается жертвенное животное. В зависимости от размаха празднования это может быть бык или баран. В первый понедельник праздник принято отмечать в кругу семьи

В Осетии нет такого ущелья, такого селения, где нет святилища в честь Уастырджи. В посвященных ему легендах он рисуется всадником на белом коне и в белой бурке. Он наделен чертами солнечного божества, и каждый осетин перед долгой поездкой или же в трудную минуту заручается поддержкой Уастырджи с помощью молитвы.



## УАСТЫРДЖИЙЫ ЗАРÆГ

Гъей, цæргæбонты тыххæй цæуылнæ бакувæм,
Ой, мæнæ сой, бакувæм æмæ балæгъстæ кæнæм бæрзондылбадæг, ныллæгмæ фæлгæсæг Уастырджимæ.
Гъей, ратт нын, ратт хорздзинæдтæ, бæрзондылбадæг Уастырджи,
Сой, мæнæ сой, гъей.
Кувæг дæм куы стæм æмæ дæ уый курæг куы стæм,
Сыгъзæрин Уастырджи.
Ой, фæллойгæнæг адæмы цæрæнбоны тыххæй дæр
Цæуылнæ бакувæм, ой, мæнæ сой, ой, цæмæй нæ афæдзы
Бакусты бæркад уа, ахæм амонд нын ратт, Уастырджи.
Ой. нæ чындздзон чызджытæ дæ чъири кувæг, Уастырджи.
Ой, мæнæ сой, ой æмæ нæ урсзачъе
Зæронд лæгтæ дæр чъири кувæг, Уастырджи.
Ой, нæ кæстæрты тыххæй дæр цæуылнæ бакувæм,
Ой, мæнæ сой, ой, цæмæй нæ кæстæртæ
Хорз фæндæгтыл цæуæг уой, ахæм амонд сын ратт, Уастырджи!

# УАСТЫРДЖИ – ÆХХУЫСГÆНÆГ

## ФЫДÆЛТЫККОН ТАУРÆГЪ

Уайсадæг чындз æмæ йæ тиу иу сæрдыгон бон хуым кæрдынмæ рацыдысты. Авдæн æд сывæллон хуымы астæумæ бахастой, сæхædæг раздæхтысты хуымы кæронмæ. Зад мæнæу æхсырфæй кæрдынын æрлæууыдысты. Дзæвгар куы акуыстой (фæзынд сæ фæстæ куыристæ, уыгæстæ), уæд иу афон тиу йæ чындзмæ дзуры:

— Цу-ма уыцы сывæллоны абæрæг кæн.

Чындз рæвдз ауад, æнæуи дæр æм йæ зæрдæ тынг æхсайдта, кæд уæлæмæ ницы дзырдта, уæддæр. Фæлæ авдæны цурмæ куы бахæццæ, уæд цавддурау фæци, нал размæ ацæуын уыд йæ бон, нал фæстæмæ, нал сныхас кæнын. Уыны æвирхъау ныв: залиаг калм сывæллоны авдæныл стыхст, лæппуйы урс буары йæ налат сæр ныссагъта. Чындз азгъордта йæ тиумæ, æнæдзургæйæ (уайсадгæйæ) йæ разы æмраст слæууыд, цæссыгтæ риуыл гæр-гæр кæнынц, цæсгом цикъæйæ фæлурсдæр... Фембæрста тиу, цыдæр бæллæх æрцыд... Аппæрста йе 'хсырф иуварс, фæдисонау фезгъоры, авдæн кæм уыд, уырдæм, чындз йæ фæстæ. Бахæццæ сты, фæлæ — дæ балгъитæг афтæ. Стыр залиаг калм æртхъирæнгæнæгау сæр бæрзонд систа, йе 'взæгтæ раппæрста, æхситт кæны. Зæрдæ бауынгæг вæййы йæ уындæй.

Лæууынц, кæуынц: тиу — хъæрæй, чындз — сусæгæй, аивæй. Уыцы рæстæджы сæ фæрсты иу урссæр зæронд лæг æрбайцæйцыд урс бæхыл бадгæ. Уыны цæстысыг æмæ фæрсы:

— Цы хабар у, цы 'рцыд?

Чындз æм уайсады, тиу къухæй амоны авдæнмæ — дзыхы нал бады ныхас.

Зæронд лæг ауыдта авдæн. Æвирхъау ныв... Сабыргай йæ бæхæй æрхызт... Бæх хуыррытт кæны... Зæронд лæг æвдæнмæ фæцæуы, чындз æмæ йæ тиу уромынц, тæрсынц ын залиаг калмæй. Зæронд лæг хъама сласта, авдæны алыварс зилы... Куыддæр залиаг калм лæппуйы буарæй йæ сæр фæхицæн кодта, афтæ йын æй зæронд лæг æнахуыр цæхæр калгæ хъамайæ акъуырдта. Калмы мард авдæнæй райхæлдта æмæ, кæд цыфæнды стыр уыд, уæддæр æй афтæ дард фехста, æмæ йæ чындз æмæ тиу уынгæ дæр нал акодтой... Тынг фæдис кодтой сæ хæрзгæнæджы хъаруйыл. Урсзачъе зæронд лæг систа æнахуыр æрттиваг ехс (нæдæр æвзист уыд, нæдæр сыгъзæрин), мард сывæллоны дзы æркъуырдта... Сывæллон авдæнæй бахудт... Чындз æмæ тиу фыр цинæй зонгæ дæр нал бакодтой, зæронд лæг йæ бæхыл куыд абадт æмæ куыд фæраст, уый. Авдæны раз зонырыл æрхауд чындз, барæджы фæдыл кæсы... Чысыл ма зыны барæг... Тиу кувы: «Уастырджи, табу дæхицæн!..».

# БÆРÆГБОНЫ АРФÆТÆ

***Мæ зынаргъ Къостайыхъæуы æмæ Цмытийы цæрджытæ чысылæй стырмæ!***

*Ирон адæмы кадджындæр æмæ цытджындæр бæрæгбон Джеоргуыбайы хорзæх уæ уæд!*

*Уастырджи бæлццæтты фæндарастгæнæг, кæстæрты раст фæндагыл аразæг у, æмæ уын æххуысгæнæг уæд. Ацы къуырийы бонты Стыр Хуыцау æмæ Уастырджимæ кувут æмæ сын барст уæнт уæ кувинæгтæ.*

*Уæ фæззæджы фæллæйттæ куывдтæ, чызгæрвыстытæ, чындзхастытæн бахъæуæнт.*

*Царды æнæниздзинад сæйраг у, æмæ низæй, фыдбылызæй хызт ут. Уæ фидæн ноджы хуыздæр, райдзастдæр, фæрнджындæр æмæ амонджындæр уæд.*

*Нæ буц хистæртæ! Уæ кæстæрты арфæйаг хъуыддæгтæй уæ зæрдæтæ райгонд цы уой, ахæм арфæ уын Стыр Хуыцау ракæнæд.*

***Уæ хæрзтæм бæллæг ХЪЕСАТЫ Игорь.***

***

***Зынаргъ Фыййаджыбылы цæрджытæ!***

*Джеоргуыбайы кувæн бонты фæдыл уын зæрдиаг арфæ кæнын. Фæндаггонæй бынæттонмæ кувæг, курæг адæм стæм, æмæ ныл алкæддæр рæстæмбæлæг Уастырджи уæд! Сабыр царды куыстæфсис, æнæниз, уæнгрог æмæ бæркадкъух цы уæм, уый нын Хуыцау æмæ йе сконд зæдтæ раттæнт рæдауæй.*

***Уæ хорздзинæдтæм бæллæг ПЛИТЫ Валодя.***

***

***Зынаргъ Кировыхъæуы цæрджытæ!***

*Джеоргуыбайы кувæн бонтæ æрхæццæ кæнынц, æмæ уыл зæрдиагæй йæ хорзæхтæ æфтауæд!*

*Стыр Хуыцаумæ кувæг адæм стæм, æмæ нæ фæллойы бæркæдтæ цины хъуыддæгты хардзæн хъæуæнт, царды цы рæсугъд бæллицтæм æнхъæлмæ кæсут, уыдон уæ къухты бафтæнт! Алкæйы хæдзар дæр уæ дзаг уæд æнæниздзинад, фарн æмæ амондæй. Уæ кæстæрты арфæйаг хъуыддæгтæй райгонд ут!*

*Бæрæгбоны хорзæх уæ уæд!*

***МОУРАУТЫ Чермен, Кировыхъæуы администрацийы сæргълæууæг.***

***

***Уважаемые жители с. Красногор! Дорогие друзья!***

Примите искренние поздравления с одним из самых почитаемых праздников Осетии – Джеоргуыба!

Всю неделю мы будем просить Святого Уастырджи охранять нашу землю от беды и зла, даровать ей мир, покой и благополучие. Так пусть же этот светлый праздник укрепит наше стремление к добрым делам! Пусть Святой Уастырджи хранит и оберегает каждую семью! Счастья, здоровья и благоденствия всем вам!

*Амондджын ут æмæ уыл рæсугъд бæрæгбонтæ цæуæд, мæ зынаргъ æмхъæуккæгтæ!*

***Марат ЦОМАЕВ, глава АМС Красногорского сельского поселения.***

***

***Бæрæгбоны хорзæх уæ уæд, мæ зынаргъ Рассветыхъæуы цæрджытæ!***

*Æрхæццæ нæм кæны, æнæхъæн афæдз Иры дзыллæтæ цы кадджын бæрæгбонмæ фенхъæлмæ кæсынц, уыцы Джеоргуыба — Уастырджимæ кувæн къуыри. Ирон адæм æм табу кæндзысты, кувдзысты Дунескæнæг Стыр Хуыцаумæ, йæ зæдтæ æмæ дауджытæм, фæдзæхсдзысты сыл сæхи, сæ бинонты, сæ бæлццæтты. Бæрæгбоны кад, йæ хъомыс, ном бæрзонд æвæрд сты нæ хъæуы цæрджытæм. Гъемæ Хуыцау зæгъæд, æмæ Джеоргуыбайы бæрæгбон алы хæдзармæ дæр фарн куыд æрхæсса, хæларæй цæрынмæ нæ ноджы тынгдæр куыд сразæнгард кæна. Лæгты дзуар у, æмæ нæ лæг хъуаг куыд никæд фæкæна. Цы кувинæгтæ йын æрцæттæ кæнæм, уыдон та йын барст уæнт!*

***БИРÆГЪТЫ Вадим, Рассветыхъæуы администрацийы сæргълæууæг.***

***

***Ирыстонмæ та фарны къах æрбавæрдзæн нæ кадджындæр бæрæгбонтæй иу — Джеоргуыба.***

*Зæрдиаг арфæтæ бæрæгбоны фæдыл кæнын мæ зынаргъ Хъæдгæроны цæрджытæн! Мæ зæрдæ уын загъы æнæниздзинад, бинонты амонд, кæстæрты рæсугъддзинад æмæ æнæмаст цард! Алкæйы хæдзар дæр фыдбылызæй хызт уæд! Уæ рæсугъд фæндтæ æмæ бæллицтæ уæ къухы бафтæнт!*

***ОГЪУАТЫ Михаил, Хъæдгæроны администрацийы сæргълæууæг.***

***

***Дорогие жители с. Мичурино!***

От всей души поздравляю вас с общенациональным праздником — Джеоргуыба! В эти особенные дни в каждом доме нашей Осетии будут возноситься молитвы к Всевышнему и Святому Уастырджи о покровительстве во всех благих начинаниях, о здоровье, мире и благополучии. Пусть все молитвы буду услышаны. Пусть этот светлый праздник поможет преодолеть все испытания и укрепит веру в счастливое будущее.

*Зынаргъ Мичуриныхъæуы адæм! Лæгты дзуары кадджын бонтæ æрцæуынц, æмæ уæ сæ хорзæх уæд! Æрхæссæнт уын æнæниздзинад, фарн, царды хорздзинæдтæ, стыр хъæру æмæ чи цæмæ бæллы, уый! Уæ алкæй хæдзары дæр уæд бæркад, цин æмæ амонд!*

*Уастырджийы фæдзæхст ут!*

***Элла КАЛОЕВА, глава АМС Мичуринского сельского поселения.***

***

***Зынаргъ Къостайыхъæуы æмæ Цмытийы цæрджытæ!***

*Ирон адæмы кадджындæр бæрæгбон — Уастырджимæ кувæн къуыри — æрхæццæ кæны, æмæ йæм адæм зæрдиагæй кувдзысты. Уастырджи бæлццæтты фæндарастгæнæг, кæстæрты раст фæндагыл аразæг у, æмæ уын æххуысгæнæг уæд, фыдбылызæй уæ хизæд. Уæ афæдзы фæллойæ, уæ фæззæджы бæркадæй кувдзыстут Хуыцаумæ, æмæ-иу барст фауæд! Царды æнæниздзинад æмæ æнæмастæй хуыздæр ницы ис, æмæ сæ хайджын уæм!*

***ДЗАПАРТЫ Арсен, Къостайыхъæуы администрацийы сæргълæууæг.***

***

***Мæ зынаргъ Нартыхъæуы цæрджытæ! Джеоргуыбайы бæрæгбоны хорзæх уæ уæд!***

*Уæларвон зæд — Уастырджи — фæндаггонты фарсхæцæг у, æмæ уын уæ фæндæгтæ рæсугъд, амонджын кæнæд уæхи фæндиаг. Æнаниз, æнæфыдбылыз, уæнгрог, бæркадкъух уæд уæ фидæн. Уæ бæллицтæ, хорз фæндтæ зæрдæрайгæйæ, рогæй æфтæнт уæ къухы.*

*Джеоргуыбайы хорзæх уæ уæд алкæйы дæр!*

***ГУСАТЫ Ибрагим, Нартыхъæуы администрацийы сæргълæууæг.***

***

***Дорогие жители г. Ардона!***

*Поздравляю вас с праздником Джеоргуыба! Этот праздник сплачивает нас, укрепляет веру в добро, справедливость и милосердие. Предстоящую неделю наши старшие с чистым сердцем и добрыми помыслами будут просить Всевышнего и Уастырджи о спокойствии, благополучии и изобилии для каждой семьи.*

*Пусть же Уастырджи поможет нам идти по жизни достойно и успешно. Пусть дает нам силы и твердую уверенность в завтрашнем дне. Добра, радости и благополучия вам!*

***Роберт КЕСАЕВ, депутат Собрания представителей Ардонского городского поселения.***

***

***Уважаемые жители г. Ардона! Дорогие друзья!***

*В эти светлые дни мы отмечаем один из самых любимых праздников Осетии — Джеоргуыба. Примите искренние пожелания доброго здоровья и долголетия, благоденствия и процветания. Пусть Святой Георгий оберегает вас от бед и невзгод, щедро одарит всем, о чем просите.*

*Бæрæгбоны хорзæх уæ уæд!*

***Георгий МАРГИЕВ, депутат Собрания представителей Ардонского городского поселения.***

***

***Зынаргъ Мичуриныхъæуы цæрджытæ!***

*Æрхæццæ та нæм æппæтнæцион бæрæгбон — Джеоргуыба. Уастырджи у нæлгоймæгты бардуаг, бæлцæттæ, хæстонты фæндарастгæнæг, кæстæрты раст фæндагыл аразæг. Табу йæхицæн!*

*Сыгъзæрин Уастырджи, нæ хъæубæсты цæрджытæн сæ фæндæгтæ рухс тынтæй нывæнд, рæсугъдæй-иу бынатыл куыд æмбæлой. Кусаг, кувæг адæм стæм æмæ нын цы хорздзинæдтæ дæттыс, уыдон цæстуарзонæй кæрæдзийæн дæттынæн нын хъару æмæ ныфс ратт.*

*Джеоргуыбайы бонтæ уыл хъæздыгæй, хъæлдзæгæй цæуæнт!*

***ЕЛОЙТЫ Хъазыбег, БЫРНАЦТЫ Хъæбатыр, Мичуриныхъæуы Ныхасы уæнгты номæй.***

## Телепрограмма

20 НОЯБРЯ — 23 НОЯБРЯ

### ПОНЕДЕЛЬНИК

**20 НОЯБРЯ**
**ПЕРВЫЙ КАНАЛ**

05.00 Доброе утро 0+
09.00, 12.00, 15.00, 18.00, 03.00 Новости
09.20 АнтиФейк 16+
10.00 Жить здорово! 16+
10.50, 12.15, 17.00, 18.30 Информационный канал 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское/Женское 16+
19.55 Куклы наследника Тутти 16+
21.00 Время
**22.00 Т/с «Мосгаз. Последнее дело Черкасова» 16+**
23.00 Большая игра 16+
00.00, 00.45, 01.30, 02.15, 03.05, 03.55 Подкаст. Лаб 16+

**РОССИЯ-1**

05.00, 09.30 Утро России
09.00, 14.30, 21.05 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
11.00, 14.00, 16.00, 20.00 Вести
11.30, 17.30 60 минут 16+
14.55 Наши 12+
16.30 Малахов 16+
**21.20 Т/с «Екатерина. Фавориты» 16+**
22.20 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+
**01.05 Т/с «Тайны следствия» 12+**
**02.40 Т/с «Морозова» 16+**

### ВТОРНИК

**21 НОЯБРЯ**
**ПЕРВЫЙ КАНАЛ**

05.00 Доброе утро 0+
09.00, 12.00, 15.00, 18.00, 03.00 Новости
09.20 АнтиФейк 16+
10.00 Жить здорово! 16+
10.50, 12.15, 17.00, 18.30 Информационный канал 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское/Женское 16+
19.55 Куклы наследника Тутти 16+
21.00 Время
**22.00 Т/с «Мосгаз. Последнее дело Черкасова» 16+**
23.00 Большая игра 16+
00.00, 00.45, 01.30, 02.15, 03.05, 03.55 Подкаст. Лаб 16+

**\РОССИЯ-1**

05.00, 09.30 Утро России
09.00, 14.30, 21.05 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
11.00, 14.00, 16.00, 20.00 Вести
11.30, 17.30 60 минут 16+
14.55 Наши 12+
16.30 Малахов 16+
**21.20 Т/с «Екатерина. Фавориты» 16+**
22.20 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+
**01.05 Т/с «Тайны следствия» 12+**
**02.40 Т/с «Морозова» 16+**

### СРЕДА

**22 НОЯБРЯ**
**ПЕРВЫЙ КАНАЛ**

05.00 Доброе утро 0+
09.00, 12.00, 15.00, 18.00, 03.00 Новости
09.20 АнтиФейк 16+
10.00 Жить здорово! 16+
10.50, 12.15, 17.00, 18.30 Информационный канал 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское/Женское 16+
19.55 Куклы наследника Тутти 16+
**20.00 Х/ф «Как убили Джона Кеннеди» 16+**
21.00 Время
**22.00 Т/с «Мосгаз. Последнее дело Черкасова» 16+**
23.00 Большая игра 16+
00.00, 00.45, 01.30, 02.15, 03.05, 03.55 Подкаст. Лаб 16+

**РОССИЯ-1**

05.00, 09.30 Утро России
09.00, 14.30, 21.05 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
11.00, 14.00, 16.00, 20.00 Вести
11.30, 17.30 60 минут 16+
14.55 Наши 12+
16.30 Малахов 16+
**21.20 Т/с «Екатерина. Фавориты» 16+**
22.20 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+
**01.05 Т/с «Тайны следствия» 12+**
**02.40 Т/с «Морозова» 16+**

### ЧЕТВЕРГ

**23 НОЯБРЯ**
**ПЕРВЫЙ КАНАЛ**

05.00 Доброе утро 0+
09.00, 12.00, 15.00, 18.00, 03.00 Новости
09.20 АнтиФейк 16+
10.00 Жить здорово! 16+
10.50, 12.15, 17.00, 18.30 Информационный канал 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское/Женское 16+
**19.50 Х/ф «Как убили Джона Кеннеди» 16+**
21.00 Время
**22.00 Т/с «Мосгаз. Последнее дело Черкасова» 16+**
23.00 Большая игра 16+
00.00, 00.45, 01.30, 02.15, 03.05, 03.55 Подкаст. Лаб 16+

**РОССИЯ-1**

05.00, 09.30 Утро России
09.00, 14.30, 21.05 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
11.00, 14.00, 16.00, 20.00 Вести
11.30, 17.30 60 минут 16+
14.55 Наши 12+
16.30 Малахов 16+
**21.20 Т/с «Екатерина. Фавориты» 16+**
22.20 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+
**01.05 Т/с «Тайны следствия» 12+**
**02.40 Т/с «Морозова» 16+**



*21 ноября Андрей Владимирович Швецов отмечает свой 50-летний юбилей!*
***Уважаемый Андрей Владимирович!***
*От всей души поздравляем Вас с юбилеем. Желаем Вам здоровья, процветания, удачи в покорении новых вершин и дальнейших успехов в Вашей ответственной работе! Пусть планы осуществляются самым оптимальным способом, мечты сбываются, и вся жизнь будет счастливой и яркой! Пусть в Вашем доме всегда царят мир и согласие, в душе — гармония, а в делах — успех!*

***Коллектив управления образования Ардонского района.***


**ТРЕБУЕТСЯ БРИГАДА ОБРЕЗЧИКОВ**
**для обрезки деревьев (сад 70га) в предгорный сад "Владка"**
**Оплата сдельная-высокая.**
**Обращаться: г. Алагир, с. Црау, ул. Восточная,1.**
**Тел: 8-988-722-69-12.**





вакансия ОПЕРАТОР CALL-ЦЕНТРА **г.АРДОН**

**Обязанности:**
Телефонное информационно-справочное обслуживание
НЕ сетевой маркетинг!

**Условия:**
- Работа в офисе в центре г.Ардон с удобным графиком
- Бесплатное обучение
- Своевременная выплата з/платы
- Можно без опыта работы
- Заработная плата от 30 тыс.рублей

г.АРДОН, ул.Советов, 1 Б T/WhatsApp .+7 928 067-57-07



**ООО «МАИС-ИР»** ОГРН 1221500002701
**реализует семена кукурузы ведущих российских и зарубежных производителей, таких как:**
**Ладожские, Майсадур, КВС, Кассад, Байер.**
Также реализует средства защиты растений и листовые микроудобрения для кукурузы. Весь товар сертифицирован.
**Тел. 8-989-038-51-41.**
**363301, Ардонский район, с. Мичурино, ул. Ленина, 25 "б".**



**ОПТОВЫЙ МАГАЗИН НАПИТКОВ**
*(г. Ардон, Объездное шоссе, 5)*
*Большой выбор напитков. Одноразовая посуда. Бесплатная доставка на мероприятия.*
**Низкие цены.**
**Тел. 8-928-484-18-04.**



**ИЗГОТОВЛЕНИЕ КОРПУСНОЙ МЕБЕЛИ.**
**Тел. 8-918-702-52-27, Алан.**



**ЭлиКам**
**ОКНА и ДВЕРИ** из ПВХ
РАССРОЧКА ОТ ПРОИЗВОДИТЕЛЯ
ГАРАНТИЯ. КАЧЕСТВО
**Тел. 8-928-070-94-77.**
**КРЕДИТ** в ОТП Банке






**ПЕПЛОБЛОКИ ПРОПАРЕННЫЕ**
**г. Терек. Возможна доставка.**
**Тел. 8-967-411-90-94.**



**АСФАЛЬТ**
КАЧЕСТВЕННАЯ УКЛАДКА
**Тел. 8-903-493-89-34, 8-964-034-09-74.**



**БАЛЬЗАМИРОВАНИЕ**
**гробы, венки, накидки, одежда, оркестр, траурная музыка, катафалк, палатки, копка могил, блоки.**
**Бесплатная доставка по Ардонскому району.**
**ВОЗМОЖНА ОПЛАТА ПОСЛЕ ПОХОРОН.**
**Тел. 8-918-701-15-36.**
**Ардон. Валера.**



**БАЛЬЗАМИРОВАНИЕ** (КРУГЛОСУТОЧНО)
**гробы, венки, накидки, одежда, траурная музыка, катафалк, палатки, копка могил, блоки.**
**Бесплатная доставка по Ардонскому району.**
ВОЗМОЖНА ОПЛАТА ПОСЛЕ ПОХОРОН.
**г. Ардон, ул. Советов, 13.**
**Тел. 8-928-933-42-32, Виталий.**


**МЕРОПРИЯТИЕ**

# СОТРУДНИКИ ГОСАВТОИНСПЕКЦИИ И ПДН ПРОВЕЛИ ПРОФИЛАКТИЧЕСКИЕ БЕСЕДЫ СО СТУДЕНТАМИ КОЛЛЕДЖА



**Мероприятие организовано в рамках межведомственной комплексной оперативно-профилактической операции «Дети России» и акции «Водитель без права управления».**

Сотрудники Госавтоинспекции и подразделения по делам несовершеннолетних Отдела МВД России по Ардонскому району встретились со студентами Северо-Кавказского аграрно-технологического колледжа.

Инспектор ПДН рассказала о важности здорового образа жизни, о вреде табака, алкогольной продукции и наркотических средств, о том, что последствия приема в юном возрасте алкоголя и наркотических средств могут потребовать вмешательства врачей и даже привести к летальному исходу.

Внимание слушателей было обращено на то, что пагубные привычки не делают подростков взрослее. Они губительно воздействуют на общение с друзьями, родными и близкими, на то, как в дальнейшем сложится их жизнь.

Инспектор по пропаганде БДД Госавтоинспекции Ардонского района обсудила с учащимися вопросы профилактики дорожно-транспортного травматизма.

Ребятам рассказали о причинах дорожно-транспортных происшествий: о несоблюдении водителями скоростного режима, выезда на полосу встречного движения, нахождения за рулем в состоянии опьянения и многих других. Привели примеры из практики, когда несовершеннолетние без прав садятся за руль автомашины и попадают в страшные аварии. Поговорили и о нарушении Правил дорожного движения пешеходами, которые переходят проезжую часть в неустановленных для этого местах или не убедившись в безопасности перехода, и попадают под колеса машин.

В завершение мероприятия ребята смогли задать интересующие их вопросы. На каждый из них был дан развернутый ответ.

**Евгения ТАВАСИЕВА, инспектор по пропаганде безопасности дорожного движения ОМВД России по Ардонскому району.**

**Следующий номер газеты выйдет в четверг, 23 ноября.**

Коллектив ООО "Газпром Газораспределение Владикавказ" в г. Ардоне выражает глубокое соболезнование С.В. Икаеву по поводу безвременной кончины супруги

**КУДУХОВОЙ-ИКАЕВОЙ Зиты Алихановны.**

Зиан рухсаг уæд.

Коллектив ГАПОУ СКАТК выражает глубокое соболезнование А. А. Джиджоеву по поводу безвременной кончины

**матери.**

Зиан рухсаг уæд.



Соседи (по ул. Бр. Дзугаевых) глубоко скорбят по поводу кончины

**ДЖИДЖОЕВОЙ-САБАНОВОЙ Венеры Григорьевны**

и выражают соболезнование родным и близким.

Зиан рухсаг уæд.

Коллектив Ардонской детской школы искусств выражает глубокое соболезнование преподавателю А.А. Джиджоевой по поводу кончины

**бабушки.**

Зиан рухсаг уæд.


**УСЛУГИ**

**Качественная настройка духовок** газовых и электрических плит под быструю выпечку осетинских пирогов. Гарантия.
**Тел. 8-918-827-36-36**

***

**Побелка,** покраска, генеральная уборка домов.
**Тел. 8-988-835-94-99**

***

**Ремонт** стиральных машин на дому. **Тел. 8-909-474-29-99, 8-989-743-06-09**

***

**Гипсокартон,** шпаклевка, покраска, электрика, откосы, карнизы, арки и т.д.
**Тел. 8-918-836-50-40**

**ПРОДАЕТСЯ**

**Корова и теленок.**
**Тел. 8-961-822-98-56**

***

**Бараны домашние** (в с. Дур-Дур). **Тел. 8-988-877-05-56**

***

**Кукуруза** в зерне (естественная сушка). Мешок — 700 руб.
**Тел. 8-919-428-53-71**

***

**Картофель** сортов "Рокко", "Романо". Цена — 20 руб./кг. **Яблоки** домашние — 50 руб./кг.
**Тел. 8-960-406-48-01**

**РАЗНОЕ**

**Куплю грецкий орех** очищенный – 350-400-450 руб./кг, неочищенный – 80-100 руб./кг.
**Тел. 8-918-828-92-42**

***

**В фермерское хозяйство требуются охранники** (по совместительству разнорабочие). **Тел. 8-928-483-40-51**



РЦИ-Аланийы Æрыдоны районы газет. Газета Ардонского района РСО-Алания. Основана в 1939 году.

РУХС
СВЕТ

**УЧРЕДИТЕЛЬ:**
**Администрация местного самоуправления муниципального образования Ардонский район Республики Северная Осетия-Алания**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алания Регистрационный номер — ПИ № ТУ 15—00073 от 18 июня 2012 года как информационная, рекламная.**

**Цена свободная**

Главный редактор: 3-02-60.
Ответственный секретарь: 3-02-63.
Бухгалтерия и рекламный отдел: 3-02-61 (факс)

**E-mail:** ardonruhsh@mail.ru
**Сайт:** www.ruhs15.ru

Печать офсетная.
**Тираж 1926 экз.**
**Заказ № 1335**
**Объем — 1 п. л.**
**Индекс издания**

**53910**



Использование материалов и фото допускается только с письменного разрешения редакции.
При перепечатке ссылка на газету обязательна.
Рукописи не возвращаются и не рецензируются.
Редакция не несет ответственность за достоверность содержания рекламы, объявлений, публикаций на коммерческой основе и сторонних авторов.



Газета выходит 3 раза в неделю на русском и осетинском языках.

**АДРЕС РЕДАКЦИИ: 363332 РСО-А, г. Ардон, ул. Советов, 13.**
**АДРЕС ИЗДАТЕЛЯ:**
363332 РСО-А, г. Ардон, ул. Советов, 6, АМС Ардонского района РСО-Алания
**АДРЕС ТИПОГРАФИИ:**
362015 РСО-Алания, г.Владикавказ, пр. Коста, 11 АО "Осетия-Полиграфсервис"
НОМЕР ПОДПИСАН В ПЕЧАТЬ по графику — в 16.30 фактически — в 16.30.

**ИНЖЕНЕРЫ-ДИЗАЙНЕРЫ**
Л.Р. Гугкаева
З.М. Кортиева
Ю.В. Певная
**КОРРЕКТОР**
Р.Х. Сохиева
**ОТВЕТСТВЕННЫЙ СЕКРЕТАРЬ**
А.Г. Бязырова
**и.о. ГЛ. РЕДАКТОРА И.Э. КАЛОЕВА** (6+)